दिन–रविवार दिनांक–12.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे महिला आरक्षण कानून पर निक मोनक संग अमल करबाक समय आबि गेल अछि। जाहि सँ दू हजार उनतीस सँ लोकसभा आओर विधानसभा चुनाव महिला आरक्षणक संग भऽ सकय। लोकसभा आ राज्यसभा मे सदनक नेता सभ के लिखल चिट्ठी मे श्री मोदी सभ सदस्य सँ आग्रह कयलनि अछि जे ओ महिला आरक्षण कानून मे संशोधनक मुद्दा पर एकजुट रहैथ। ई कानून के नारी शक्ति वंदन अधिनियमक नाम देल गेल अछि। ई विधेयक पर चर्चा लेल संसदक तीन दिवसीय विशेष सत्र सोलह अप्रैल सँ शुरू भऽ रहल अछि। ई अधिनियम सँ लोकसभाक सीटक संख्या बढि कऽ आठ सय सोलह भऽ जायत। जाहि मे दू सय तिहत्तरि सीट महिला सभ लेल होयत। एम्हर, भाजपा लोकसभा आओर राज्यसभाक अपन सदस्य सभ के सोलह सँ अठारह अप्रैल धरि संसद मे रहबाक लेल व्हिप जारी कयलक अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य कैबिनेटक बैसक चौदह अप्रैल कऽ होयत। अपर सचिव अखिलेश कुमार सिंह द्वारा जारी पत्रक अनुसार चौदह अप्रैल कऽ भोर एगारह बजे सँ मंत्री परिषदक बैसक मुख्य सचिवालय पटना मे होयत। एम्हर, भाजपा विधायक दलक नेताक चुनाव लेल केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान के केन्द्रीय पर्यवेक्षक बनौलक अछि।

---

राजद नेता आओर नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव आरोप लगौलनि अछि जे बिहार मे रिमोट सँ सरकार चलि रहल अछि। श्री यादव आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे राज्य मे नव सीएमक निर्णय सेहो दिल्ली सँ कयल जायत।

---

नामी–गिरामी गायिका आओर पद्म विभूषण सँ सम्मानित आशा भोसलेक आइ मुम्बई मे बिरानवे बरखक उमरि मे निधन भऽ गेलनि। हुनका काल्हि सांझ छाति मे संक्रमण आओर कमजोरीक कारण एक निजी अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल। हुनक अंतिम संस्कार काल्हि सांझ चारि बजे मुम्बईक शिवाजी पार्क मे कयल जायत। आशा भोसले पछिला आठ दशक सँ बेसीक अपन कैरियर मे कतेको भाषा मे बारह हजार सँ बेसी गीत गौलनि। ओ अपन बहुमूखी प्रतिभा लेल जानल जायत छलीह आओर ओ रोमांटिक गीत आओर गजल सँ लऽकऽ जोश भरल गीत धरि कतेको यादगार गीत गौलनि।

ओ मराठी फिल्म सँ अपन कैरियर शुरू कयलनि आओर उनैस सय अड़तालीस मे फिल्म चुनरिया सँ हिंदी फिल्म उद्योग मे अयलीह। हुनका दू राष्ट्रीय फिल्म पुरस्कार, अठारह महाराष्ट्र राज्य फिल्म पुरस्कार, एक लाइफटाईम अचीवमेंट पुरस्कार सहित रिकॉर्ड सात फिल्म फेयर पुरस्कार सँ सम्मानित कयल गेल छल। वर्ष दू हजार मे हुनका सिनेमा जगतक सर्वोच्च पुरस्कार दादा साहेब फाल्के पुरस्कार सँ सम्मानित कयल गेल। वर्ष दू हजार एगारह मे गिनीज बुक ऑफ वर्ल्ड रिकॉर्ड हुनका संगीत इतिहास मे सभ सँ बेसी रिकॉर्डिंग करयवाली कलाकारक रूप मे मान्यता देने छल। हुनक सभ सँ यादगार गाना मे– **अभी न जाओ छोड़कर**, **इन आँखों की मस्ती आओर दिल चीज क्या है** अछि।

———————————————————————————————

एम्हर, महान गायिका आशा भोसलेक निधन पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन आओर कतेको सिनेमा सँ जुड़ल कलाकार सभ शोक व्यक्त कयलनि अछि। प्रधानमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे आशा भोसले भारतक सर्वाधिक प्रतिष्ठित आओर बहुमुखी पार्श्व गायिका मे सँ एक छलीह। श्री मोदी जनौलनि जे हुनक गीत सदैव गुंजैत रहत। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार हुनक निधन पर दुःख जतबैत जनौलनि जे हुनक जायब भारतीय संगीतक एक युगक अंत अछि। मुख्यमंत्री जनौलनि जे आबयवला पीढ़ि आशा भोसले के भारतीय संस्कृतिक एक प्रतीकक रूप मे सदिखन याद राखत। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आओर राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सहित आनो–आन पार्टीक नेता सभ सेहो आशा भोसलेक निधन पर शोक जतौलनि अछि।

———————————————————————————————

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच रोहतासक डेहरी मे अधिकतम तापमान सैंतीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रहल। राज्यक दक्षिण–पश्चिम आओर दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे कतेको ठाम अधिकतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिनक बिच राज्यक कतेको भाग मे न्यूनतम आ अधिकतम तापमान बढ़ि सकैत अछि।

———————————————————————————————

अररिया जिलाक महलगांव थाना क्षेत्रक एक आरोपी द्वारा सोशल मीडिया पर हथियार लहरायब आओर धमकी देबयवला आरोपी मोहम्मद सोहराब पर महलगांव थाना मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

भागलपुर जोनक पोस्टमास्टर जनरल मनोज कुमार बेगूसराय आओर खगड़ियाक डाक विभाग मे निक काज करयवला तीन सय पचास डाककर्मी के आइ सम्मानित कयलनि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल